



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE MOUN YO PRAN PREKOSYON PANDAN KE GWO TANPÈT GRAV YO AP DEPLASE TOUPATOU NAN ETA A

Yo Te Fè Soti Siveyans pou Tònad pou Konte Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster ak Westchester jiska Minwi

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte jodi a moun New York yo, espesyalman nan Mid-Hudson Valley, Vil New York, ak Long Island pou yo prepare yo pou gwo tanpèt grav yo ki ap vanse nan lès soti nan Pennsylvania epi ki ta ka afekte pòsyon pi ba yo nan eta a aswè sa a. Kèk risk pou gen tònad siklòn yo pral pwobableman pèsiste aswè a, epi potansyèlman yon ti jan ogmante pandan ke van ki jis sou sifas yo ap ranfòse atravè rejyon an. Apa ke yon risk pou gen tònad, kèk grèl ak van ka rive tou pandan tanpèt sa a.

“Tònad ak meteyo grav yo ka rive rapidman san okenn avi epi li esansyèl pou ke tout moun New York yo prepare pou entèripsyon kouran yo lè yo mete materyèl yo pare”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pare ak atou ak pèsònèl pou asiste kominote yo si tanpèt yo vin pi mal, epi nou egzòte abitan yo pou yo rete enfòm ak medya lokal yo pou avètisman sou meteyo yo epi telechaje NY-Alert pou notifikasyon ijans chak minit yo.”

Gwo lapli ak gwo tanpèt yo pral kontinye jiska ta nan aswè epi li pral diminye nan kòmansman jounen Mèkredi a. Kèk nan tanpèt yo ta ka pwodwi gwo rafal van yo ki jiska 65 kilomèt pa èdtan ak gwo lapli yo. Lapli sa a akonpaye ak evènman gwo lapli resan yo te fè zòn yo, espesyalman nan Southern Tier, vin pi siseptib pou inondasyon ak inondasyon rapid yo. Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) te lanse yon Siveyans pou Tònad pou Konte Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, ak Westchester jiska minwi aswè a. Yo te fè soti yon Avètisman pou Inondasyon Rapid pou Konte Westchester, Orange, ak Rockland jiska 9:45 p.m., epi yo te fè soti yon Siveyans pou Inondasyon Rapid pou Konte Broome, Chemung, Delaware, Steuben, Sullivan, ak Tioga rive jiska 2 a.m. Tanpèt sa yo ka entansifye, kidonk asire ou siveye estasyon radyo lokal yo ak estasyon televizyon ki disponib yo pou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl ak [avètisman](#) posib yo ki soti nan Sèvis Meteyo Nasyonal la. Pou resevwa avètisman ak notifikasyon sou move tan nan zòn ou, enskri sou [NY-Alert](#), sistèm avètisman ijans gratis Eta New York la, ki mande pou moun enskri.

Sou enstwiksyon Gouvènè a, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) nan Eta New York - Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) lan aktive pou siveyans entansifye epi li te an

kontak ak òganis jesyon ijans lokal yo, epi li an kontak sere ak Sèvis Meteyo Nasyonal la.

Gouvènè Cuomo te bay konsèy sekirite sa yo:

Anvan loraj la frape

- Byen mare oswa mete andedan mèb jaden yo, poubèl yo, zouti yo ak plant ki kwoke anlè ki kapab vin pwojektil pandan loraj la.
- Si ou gen yon sousòl, tyeke ponp vidanj yo pou asire yo fonksyone, epi prepare ou pou itilize yon sistèm sipò.
- Mete la yon dèlko sekou oswa yon lòt sous kouran elektrik ki disponib.
- Tyeke vwazen yo, sitou granmoun aje yo oswa moun ki andikape yo.

Lè loraj la ap pwoche:

- Rete andedan, lwen fenèt, pòt an vit yo.
- Chaje telefòn selilè ou ak aparèy elektwonik enpòtan yo
- Rele lwen wout yo. Si w ap vwayaje, jwenn yon abri ki byen pwoteje san pèdi tan.

Si ou detekte oswa wè yon tònad, rete kalm, men pran aksyon imedyatman.

- **Si ou andeyò kay**, chache mete w alabri nan yon bilding solid tousuit. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete menm w sou tèt ou.
- **Si ou nan yon rezidans mobil oswa yon veyikil**, desann tousuit! Gwo van ki nan tònad la ka chavire rezidans mobil ak veyikil byen fasil. Mete w alabri nan yon estrikti ki solid. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete menm w sou tèt ou. Pa eseye bat tònad la nan yon kous machin.
- **Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding**, al nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- **Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal**, ale nan zòn abri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- **Si ou nan yon bilding ki wo anpil**, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib la. Pa pran asansè - pran eskalye.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)